

## Ki avni TPS?: Esplikasyon sou desizyon lajistis nan pwose *Ramos* la (Septanm 2020)

Nan pwose *Ramos* kont *Wolf*, nan yon komite lakou d apèl nevyèm sikui a ki gen twa jij, de jij vote pou desizyon Administrasyon *Trump* lan pou li annile TPS, yon jij vote kont desizyon Administrasyon an.<sup>1</sup> Men tou, desizyon sa a pa final. Jiskaprezan, annilasyon TPS la poko antre ann aplikasyon. Nan tèks ki anba a, nou esplike sa k ap vin apre epi nou reponn kèk kesyon moun poze souvan:

1. Èske nou ka ale ann apèl ankò? WI. Dabò nou prale ann apèl devan lakou d apèl nevyèm sikui a nan sa yo rele seyans "*en banc*". N ap mande toule 29 jij yo pou yo vote pou yo ta fè jijman ka nou an yon dezyèm fwa. Si sa pa mache, n ap mande Lakou Siprèm pou yo ta fè jijman an.
2. Kòm yon moun ki gen TPS, èske mwenn an règ ak imigrasyon? WI. TPS ou a toujou valab, omwenn pou kounye a. L ap valab *omwenn* jiska **5 mas 2021** pou Ayiti, Ondiras, Nepal, Nikaragwa ak Soudan; e l ap valab *omwenn* jiska **5 novanm 2021** pou Salvadò. Men tou yo ka pwolonje delè sa yo si demach kou d apèl la pran plis tan.<sup>2</sup>
3. Kòm yon moun ki gen TPS, èske dokiman ki ban m otorizasyon pou m travay la (EAD ann angle oswa pèmi travay) toujou valab? WI. Pèmi travay ou a ap valab toutotan TPS ou a valab toujou. Li ilegal pou yon patwon revoke w (oswa refize anplwaye w) akòz se TPS ou genyen toutotan pèmi travay ou valab. Ou gen dwa tou pou renouvle lisans ou pou kondui machin: Dokiman ki ba w otorizasyon pou travay la (EAD ann angle) ansanm ak Anons Rejis Federal ki te soti 4 novanm lan ase pou demontre ou legal nan peyi a pou kèlkeswa sa ou vle regle.
4. Ki sa m kapab fè kounye a pou m pwoteje TPS? FÈ YO TANDE VWA W. Sa gen prèske twazan depi Administrasyon *Trump* lan ap eseye elimine TPS. TPS la toujou paske kominote TPS la leve lavwa pou yo ka gen pouvwa politik. Sipòte komite TPS ki nan zòn ou, sipòte efò Alyans TPS nasyonal ap fè pou yo pwoteje moun ki gen TPS.<sup>3</sup>
5. Èske gen lòt ka nan tribinal ki ka pwoteje moun ki gen TPS? WI. Gen yon ka nan Nouyòk, *Saget* kont *Trump*, 375 F Supp. 3d 280 (E.D.N.Y. 2019), ki bay Ayisyen pwoteksyon. Administrasyon *Trump* lan ale nan lakou d apèl kont desizyon tribinal la e lakou d apèl poko bay desizyon pa l. Anplis, *Centro Presente* kont *Trump*, 332 F. Supp.3d 393 (D.Mass. 2018) kapab bay Ayisyen, Ondiryan ak Salvadorèy pwoteksyon.<sup>4</sup>
6. Èske gen lòt demach m kapab fè pou m pwoteje tèt mwenn? PETÈT. Lwa imigrasyon yo ap chanje tout tan. Si ou gen yon ti tan ou pa pale ak yon avoka imigrasyon, ou ta dwe fè sa. Si ou marye ak yon sitwayen ameriken oswa ou gen yon pitit ki gen plis pase 21 an e ki sitwayen ameriken, ou ka regle papye w pou ou vin yon rezidan pèmanan legal (sa vle di ou ka gen yon alyennkat). Ou ka fè sa *menm si ou te antre ilegal* nan sèten pati nan peyi a (eta tankou *Alaska, Arizona, California, Hawaii, Idaho, Kentucky, Michigan, Montana, Nevada, Ohio, Oregon, Tennessee ak Washington* ladan tou). Ou ka al kote yon avoka imigrasyon pou ou konnen ki sa pou w fè.<sup>5</sup>

1 Non ofisyèl pwose a se *Ramos kont Wolf*,--- F.3d---(9th Cir. Sept. 14, 2020). Ou ka li desizyon tribinal la nan sit sa a:

<https://cdn.ca9.uscourts.gov/datastore/opinions/2020/09/14/18-16981.pdf>

2 Yo dekri règleman sou ki lè annilasyon TPS ka antre ann aplikasyon nan sit sa a:

<https://www.federalregister.gov/documents/2019/11/04/2019-24047/continuation-of-documentation-for-beneficiaries-of-temporary-protected-status-designations-for-el>.

Yo dekri règleman separe ki bay Salvadorèy yo plis tan, dapre yon akò ant gouvènman Salvadò ak gouvènman Etazini, nan sit sa a:

<https://www.dhs.gov/news/2019/10/28/us-and-el-salvador-sign-arrangements-security-information-sharing-give-salvadorans>

3 Pou ou jwenn plis enfòmasyon sou Alyans TPS Nasyonal, ale nan sit sa a:

<https://www.nationaltpsalliance.org/>

4 Si ou bezwen plis enfòmasyon sou tout pwose kote yo trennen Administrasyon *Trump* nan tribinal sou zafè annilasyon TPS, ale nan sit sa a:

<https://cliniclegal.org/resources/humanitarian-relief/temporary-protected-status-and-deferred-enforced-departure/challenges>.

5 Yon avoka imigrasyon ap kapab reponn lòt kesyon ki gen rapò ak ka pa w la, kesyon tankou : Èske l ap nan avantaj ou pou ou vwayaje al nan yon lòt peyi ak pèmi yo rele "*1-131 advance parole*"?